



Carl G. Lauro Elementary School

KONEKSYON

2 SEPTANM 2022

KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN

Byenvini nan dènye edisyon bilten enfòmasyon chak de semèn Distri Lekòl Piblik Providence lan (PPSD)! Si oumwen oswa yon moun ou konnen rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon ki sot pase yo sou [sitwèb Distri](#) a nan plizyè lang.

Mwen dènye kòmanse avèk yon gwo remèsman bay tout pwofesè nou yo, manm pèsònèl, chofè otobis, gad pou travèse yo, ak patnè kominotè yo. Travay difisil nou an pandan ete a ak pandan dènye kèk semèn yo te bay elèv nou yo kòmansman ki solid nan ane lekòl la. Mwen te anmèzi pou vizite anpil lekòl pandan semèn sa a, epi nou ka santi lajwa nan lè a.

Anpil bagay n ap fè nan Providence lan pran tan – tankou konstwi nouvo lekòl oswa mete yon nouvo pwogram etid an plas. Ane sa a nou pral kòmanse wè anpil rezilta travay sa a.

Asireman, nou toujou genyen anpil bagay pou travay sou yo. Nou nan yon entèvasyon eta pou yon rezon. Nou pral kontinye rankontre kèk bagay ke nou te neglije pandan plizyè deseni ke nou dwe repara. Epi sa p ap fasil, men pa gen pwoblèm. Mwen rive wè sa nou akonpli ansanm.

Pandan nou t ap travay ansanm, nou te bay aprantisaj nan sezon ete a pou 3,000 elèv nan tout nivo klas yo. Ane pase, nou te youn nan premye distri lekòl ki te retounen nan aprantisaj an pèsòn pandan pandemi an paske nou te konnen ke se kote elèv yo aprann pi byen.

Nou ka fè bagay ki difisil yo. Nou senpleman dwe fè yo *ansanm*. Kidonk mèsè ak nou tout anko pou travay dekip nou ki te pèmèt nou kòmanse ane sa a.



Doktè Javier Montañez, Sipè-entandan an, avèk Komisè RIDE la Angélica Infante-Green ak manm pèsònèl PPSD a nan ga woutyè a nan premye jou lekòl la.

MIZAJOU DISTRI A

Rekonstwi Lekòl Nou Yo

Nan tout distri nou an, n ap amelyore lekòl yo, n ap renove yo, epi n ap rekonstwi yo. Pou aprann plis sou plizyè nan pwojè sa yo k ap dewoule yo, tankou Sant Aprantisaj Iltramodèn Narducci a oswa gwo travay nan Hope High School, al verifye nan Plan [Amelyorasyon Enfrastruktir Kapital](#) la. Li genyen plizyè reprezantasyon ak gwo detay sou pwojè yo ki pral ranfòse yon lavni ki plis bryan pou elèv nou yo.

Enfòmasyon sou Rantre Lekòl la

Si ou genyen kesyon sou nouvo ane lekòl la, nou genyen tout sa ou bezwen! [Klike isit la](#) pou gade yon videyo de Konsèy Konsiltatif Paran an (PAC) ak Lekòl Providence yo ki kouvri nouvo enfòmasyon ak kesyon moun poze souvan pou 2022-23. Epitou ou ka ale sou [paj RantreLekòl la](#) pou jwenn resous ki enpòtan sou kèk bagay tankou repa elèv yo, sipò pou prezans, ak plan sekirite lekòl la, ak plis.

Jou Ranvwa Bonè

Yon rapèl enpòtan pou tout manm kominotè PPSD yo: ane lekòl 2022-23 a pral genyen yitit jou kote tout lekòl yo pral genyen yon ranvwa bonè 2 èdtan pou devlopman pwofesyonèl pwofesè. Dat sa yo se:

- Mèkredi 21 Septanm 2022
- Mèkredi 19 Oktòb 2022
- Mèkredi 16 Novanm 2022
- Mèkredi 14 Desanm 2022
- Mèkredi 25 Janvye 2023
- Mèkredi 8 Fevriye 2023
- Mèkredi 15 Mas 2023
- Mèkredi 17 Me 2023

Fanmi yo pral resevwa rapèl konsènan jou ranvwa bonè 2 èdtan an pandan tout ane a. Ou ka jwenn [tout kalandriye akademik la isit la](#).

EKITE NAN LEKÒL PIBLIK PROVIDENCE YO

Pa Doktè Nkolika E. Onye, Chèf Ekite ak Apatenans

Antanke yon ansyen Pwofesè, Fòmantè Pedagojik, Direktè, ak Administratè Biwo Santral, se yon onè pou sèvi elèv yo ak fanmi yo nan nouvo wòl sa a ki fèk devlope a. Nou dwe kreye yon kilti kote tout moun, men espesifikman, jèn moun nou yo santi yo pwofan sans apatenans.

Misyon nou se pou ogmante aksè ekita bay elèv yo, pou yo kapab reyalize yon nivo edikasyon wot kalite ak yon edikasyon konpetitif. Nou pral defann jèn moun ak fanmi yo, epi nou pral mete aksan sou enpòtan divèsite genyen nan ankouraje aprantisaj ak devlopman ki mennen revisit nan lekòl fakiltè ak/oswa revisit nan karyè konpetitif ki genyen yon salè elve.

Objektif yo pou ane sa a se pou apwofondi konsepsyon, pou aprann estrateji ak konpetans ki soutni ansèyman ki adapte sou plan kiltirèl, epi amelyore dispozisyon pou angaje ak aplike kontni sou ras, sèks, idantite, etnisite, sityasyon andikap, militengwis, ak ekite pou tout manm pèsònèl yo nan wòl respèktif yo. Sa se yon ane aprantisaj pou nou tout. Nou pral rele paran ak lòt moun yo nan kominote a pou pataje ekspètiz yo, lide, ak sijesyon yo pandan n ap kontinye ranfòse ak elaji kapasite nou. Nou enpasyon pou dirije ak aprann ansanm.


Tanpri verifye [sit entènèt nou an](#) sou [Ekite ak Apatenans](#), pou gade restrikti yo, enfòmasyon ki ajou pou aktè yo, ak lòt resous anplis.



DOKTÈ NKOLIKA E. ONYE
Chèf Ekite ak Apatenans

SELEBRESYON ELÈV YO

Elèv nou yo travay anpil, yo genyen anpil talan epi yo ap fè bagay ki enkwayab chak jou. Men kèk egzanp.



RETOU SOU DLO A

Kounyeya ane lekòl la isit rive nan **Classical High School**, ekip navigasyon an retounen sou dlo a epi prè pou kòmanse yon lòt ane lekòl ki reyisi. Kounyeya pwogram nan sizyèm ane li, li akeyi tout elèv nan ekip li a ki genyen 12 manm. Fòmate Coach Christopher O'Connell angaje nan ranfòse ekip nan atmosfè dekip ki baze sou respè ak konfyans mityèl. [Klike isit la pou gade yon videyo](#) sou ekip navigasyon an ak fason elèv yo ap resevwa konpetans esansyèl ak eksperyans ekstraswòdinè sou dlo a ane sa a.



YON SEMÈN KONBA

Pa lontan anvan lekòl la kòmanse, ekip konba **Beat High School** la, **Depatman Lapolis Providence lan**, ak **Hope the Streets New England** te fòme yon ekip pou oganize yon kan konba ki dire yon semèn nan Hope. Semèn nan te fini avèk yon vizit Sipè-entandan an ak yon selebrasyon babèkyou pou 70 konbatan ki te patisipe yo.




YON AKÈY KI RANPLI AK CHALÈ

Elèv yo nan **Jouvan Gregorian Elementary** te pase yon premye jounen lekòl anko ki tè bèl anpil nan Lendi, grasa yon akèy ki ranpli ak chalè pa elèv-espòtif yo nan **Brown University!** Mèsè ak tout moun ki te pran tan pou ede jèn elèv sa yo byen kòmanse ane a.




ANNOU RETOUREN

Elèv yo nan **Harry Kizirian Elementary** te retounen nan travay depi premye jou lekòl la! Kolabore te travay sou fason pou yo konte sou youn lòt, pou elabore avèk youn lòt, ak fason pou prezante tèt yo bay lòt elèv yo ak manm pèsònèl la pandan tout jounen lekòl la pou byen kòmanse ane a.



RETOU AN ESTIL

Yo te akeyi elèv **Gilbert Stuart Middle School** yo sou yon tapi wouj, grasa manm pèsònèl ak manm yo nan Black Sororities and Fraternities ki te rasablen pou akeyi elèv yo sou wout pou antre nan batiman an. Mèsè ak tout moun ki te pran tan pou rann premye jou lekòl la yon jou memorab pou elèv nou yo!



PWOFIL ANPLWAYE A

Aprann konnen moun ki estrawòdinè k ap travay ak elèv nou yo chak jou!

Michael Lamantia

Enstriktè Art medyatik CTE

Sitiye nan: Akademi Teknik ak Pwofesyonèl Providence (PCTA)

Antre nan PPSD nan: 2012

Ak kisa yon jounen sanble antanke yon Enstriktè Art Medyatik?

Nan yon jounen jeneral nou nan PCTA nou fè travay teyori pou kòmanse, ki kouvri sekirite ak tout bagay nan tèminoloji konsepsyon jiska fonskyonman entèn ekipman an. Epitou elèv nou yo travay anpil pandan y ap etidye Sètifikasyon Adobe yo avèk modil fòmasyon kote yo swiv fòmasyon an pwofondè sou itilizasyon lojisyèl la. Dezèyèn pati nan jounen an se lè yo aplike sa yo te aprann lan la. Nanyen eksperyans ki donk, lòt ou anre nan laboratwa nou an ou kapab tonbe sou timoun k ap fè konsepsyon sou òdinatè, k ap fè enpresyon ak chalè sou mayo, epi k ap reyalize konsepsyon yo. Epitou nou genyen yon estidyo TV ak yon espas kote elèv yo pwodwi pòdkas ak kote yo difize pwodiksyon ak an dirèk. Sa vrèman bèl pou wè yo vini avèk yon lide sou papye epi apresya mete l nan yon monn nimerik oswa mete kreyasyon yo sou yon mayo!

Kijan pwogram nan te evolwe depi lè ou nan PCTA?

Lè mwen te kòmanse karyè mwen nan Edikasyon, nou te konn itilize platfòm rezon karyè yo tankou YouTube, men li pa te genyen tout enfliyan li genyen jodia. Kounyeya nou genyen selebritite nimerik ak rezon nimerik yo k ap grandi epi k ap chanje tètman vit. Ekipman ki nan endistri nou an vin abòdab anpil, sa vle di sa bèl anpil paske nou genyen finansman ak resous pou achte ekipman ki konsepsyon nan endistri nou an pou elèv nou yo aprann fason yo itilize yo. Pou wè yo k ap itilize bèl teknoloji nou an ak lajwa pou nou reyalize tach ak pwojè yo nan klas la se yon bagay ekstraswòdinè. Se pou rezon sa a nou di elèv yo – sa ou fèk konsepsyon nan klas la avèk Adobe Photoshop la, se yon travay! Sa rele yon Konsepsyonèl Grafik epi ou ka resevwa yon pèman pou sa! Yo kapab pa reyalize ke yo kapab fè lajan pandan y ap fè yon bagay yo renmen anpil.

"Nou genyen bèl pwogram sa a kote elèv yo ka soti epi akeyi eksperyans yo bay nou plis nan sa pou mete elèv nou yo sou yon pakou pwofesyonèl."

De kisa ou plis fyè pandan tan ou pase isit la?

Genyen mèd! Yon bagay ki vini nan lespri nou sèke elèv nou yo te resevwa kayman anwo nan pwodiksyon videyo TV nan lane 2013 epi pandan dènye de lane yo nan konpetisyon Skills USA A. Sa fè nou kontan anpil pou nou wè elèv nou yo k ap afwonte kamarad yo nan tout peyi a nan domèn teknoloji yo a. Yo reyèlman fèk soti Atlanta pandan ete sa a kote yo te afwonte tout ganyan eta yo nan peyi a!

Epitou sa vrèman bèl lè nou wè elèv yo itilize konpetans yo aprann yo nan monn reyèl la. Pa egzanp, yo fèk anboche yon elèv ki t ap travay nan yon estaj nan pwogram konsepsyonèl grafik. Se anpil bagay!

Kisa ou swete plis mwen konnen sou travay ou?

Nou se yon enpri ki konplè epi li bay elèv nou yo eksperyans pratik sou travay avèk kliyan yo epi nan pwodiksyon divès travay reyèl. Nou ka fè mayo, bandwòl, flayèz, afich, ak tout sa ou vle, isit la nan PCTA. Epitou pwogram grafik nou yo ofri kredi pou fakiltè! Aprè gradyasyon an, elèv yo ka resevwa 5 Kredi pou diplòm Asosye yo a nan Pwodiksyon Medya Nimerik nan NEIT ak de kou pou Grafik NEIT, Miltimedya, ak pwogram Konsepsyon Entènèt.

Kisa ou plis enpasyon pou wè pandan ane lekòl sa a?

Ane sa a, nou pral bay elèv yo plis opòtinite pou estaj. Yon genyen bèl pwogram sa a kote elèv yo ka soti epi akeyi eksperyèl reyèl epi resevwa yon pèman pou sa. Nou tout enpasyon pou bay nou plis nan sa pou mete elèv nou yo sou yon pakou pwofesyonèl. Mwen panse ke se yon avantaj ki presye anpil pou elèv nou yo jwenn diplòm yo epi pou yo panse ak pwochen etap yo a, paske opòtinite estaj sa yo ofri yon bèl eksperyans aprantisaj epi p ap sèlman prezante elèv yo nan yon travay, men yon karyè nan yon domèn yo renmen anpil!

SE YON BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [Pwèdri nan Tradiksyon Resous nen lekòl Providence yo pou elèv k ap aprann Anglè yo WJAR, 29 Dawout](#)
- [Elèv Providence yo retounen lekòl avèk nouvo resous sosyal, emosyonèl ABC6, 29 Dawout](#)
- [Yo te òganize selebrasyon pou rantre lekòl la pou fanmi Providence yo WPRI, 25 Dawout](#)
- [RI's David Duke, kounyeya ki se yon jwè NBA, kite yon rekonans pandan l ap òganize yon Jounen Kominotè nan Providence Journal Providence, 22 Dawout](#)
- [Providence adopte espò elektwonik Glòb Boston, 15 Dawout](#)

NAN DISTRI A




KONSTRIKSYON KLASIK

Lekòl yo nan Providence lan kontinye ap pote modènizasyon atravè pwojè renovasyon ki vrèman nesès. Semèn sa a te make finalizasyon premye faz nan yon pwojè k ap dire plizyè lane nan **Classical High School**, kote yo te koupe yon riban sou yon nouvo "responzibilite" kote elèv yo aprann san okenn entèrpyan pandan y ap konswit nouvo saldeklas, laboratwa miltimedya, ak biwo nan lekòl la. Aprann plis sou pwojè konstriksyon ki ankou nan PPSD yo isit la: <https://express.adobe.com/page/FYBdXmuZKx2iF/>




ÈVENMAN RANTRE LEKÒL YO

Kreye yon kilti kominote ak respè esansyèl nan ranfòse distri lekòl ke elèv nou yo merite a. Sa vle di semèn pase, manm pèsònèl Distri a te mete tout fòs yo pou akeyi elèv ak fanmi yo pou byen retounen lekòl la! Selebrasyon yo te genyen ladan kay ki gonflab, mizik an dirèk, kamyon krèm glase, vizit nan kamyon ponpye yo, ak plis.



DON SAKADO

Ane sa a, **Plan Rhode Island pou Sante Katye** ak yon kantite **patnè kominotè** yon fwa anko te fè ekip pou distribiye nouvo sakado bay elèv yo nan plizyè lye nan eta a. Si ou te rate evenman wikenn pase a, pa enkyete w. Yo te bay lekòl yo lòt sakado anplis, sa vle di ale nan biwo lekòl ou an pou wè si ou ka chwazi youn.



PREPARASYON POU REVISIT

Pwofesè ak manm pèsònèl yo nan Distri a, menm jan ak gwoup ki anwo a ki soti nan **PCTA**, te pase plizyè semèn anvan kòmanse lekòl la pou fè preparasyon pou elèv yo retounen nan dat 29 Dawout la. Sa genyen ladan plizyè santèn èdtan pou devlopman pwofesyonèl ak preparasyon saldeklas pou kòmansman lekòl la. Mèsè ak tout moun pou travay di nou!

MAKE KALANDRIYE W YO!

○ **FÈT TRAVAY (PA GEN LEKÒL)**
Lendi 5 Septanm 2022

○ **JOU ELEKSYON PRIMÈ (PA GEN LEKÒL)**
Madi 13 Septanm 2022

○ **MWA ERITAJ ISPANOFÒN**
15 Septanm - 15 Oktòb

○ **LAGÈ BONÈ 2-ÈDTAN**
Mèkredi 21 Septanm 2022

○ **ROSH HASHANAH (PA GEN LEKÒL)**
26 & 27 Septanm 2022

Genyen kèk bagay tèrifik k ap pase nan Distri a epi nou vle mete tout moun okouran! Si ou gen yon pwogram, yon evenman, yon manm estaf la oswa yon elèv ki genyen yon bèl istwa li ta renmen pataje, tanpri voye yon imèl bay communications@ppsd.org.